



Bezoz Academy finance
nèt, sa vle di lekòl matènèl
la gratis pou fanmi ki
kalifye yo.

Kote yo sitiye

Kounye a, Bezoz Academy fonksyone lekòl
nan **Arizona** (Glendale ak Mesa), **Florida**
(Boca Raton, Deerfield Beach, Kissimmee,
Lakeland, Orlando, ak West Palm Beach),
Hawaii (Lahaina), **Kentucky** (Louisville),
Texas (Denton, Dallas, Houston, ak San
Antonio), ak **Washington** (Des Moines,
Centralia, Everett, Federal Way, Kent, Lacey,
Pasco, Renton, ak Tacoma).



Eskane kòd QR la pou
Amarik, Arab, Chinwa,
Kreyòl, Anglè, Koreyen,
Pòtigè, Espanyòl ak
Vyetnamyen.

BEZOS ACADEMY

Bezoz Academy
gen pou objektif
pou devlope
potansyèl chak
timoun pou yo
vin yon lidè
kreyatif, yon
moun ki gen
panse orijinal, ak
yon moun k ap
aprann pandan
tout lavi li.

www.bezosacademy.org

@bezozacademy

Ki sa Bezos Academy ye?

Bezos Academy se yon rezo lekòl matènèl kalite siperyè, gratis, ki enspire pa metòd Montessori, ki chita nan espas patnè kominotè yo bay atravè tout peyi a. Nou ofri pwogram senk jou pa semèn pou timoun yo san okenn frè pou fanmi ki kalifye. Chak sal klas ka resevwa jiska 20 elèv epi li gen kòm pèsònèl yon pwofesè prensipal ak yon pwofesè asistan.

Ki orè a ye?

Bezos Academy fonksyone kòm yon lekòl matènèl 7 èdtan pa jou, 5 jou pa semèn, soti septanm rive jen. Nou pa ofri enskripsyon pasyèl nan semèn nan ni a tan pasyèl. Pou asire pi bon rezilta edikatif, nou mande pou timoun yo ale a plen tan. Orè ak pwogram ete yo ap varye selon kote a epi ou ka jwenn yo sou sit entènèt nou an.

Èske yo bay manje nan Bezos Academy?

Nou bay tout elèv yo plizyè repa nitritif ak ti goute ki bon pou lasante pandan jounen lekòl la.

Èske pwofesè Bezos Academy yo genyen diplòm?

Pwofesè prensipal chak sal klas yo reponn ak egzijans leta nan sa ki gen pou wè ak ansèyman timoun piti epi genyen yon diplòm Montessori Primè. Tout anplwaye lekòl yo resevwa tou fòmasyon ak devlopman kontinyèl pandan tout ane lekòl la.

Ki pwogram yo itilize?

Nan Bezos Academy, timoun nan osant chak desizyon n ap pran. Pwogram ansèyman nou an ki enspire de metòd lekòl Montessori satisfè chak timoun kote yo ye a epi bay priyorite ak tout domèn devlopman yo. Nou itilize yon estanda ki baze sou rechèch pou swiv etap enpòtan nan devlopman epi enfòm enstriksyon endividyèl.

Ki kondisyon kalifikasyon yo?

Pou elijib pou aplike pou ane eskolè 2026-27 lan, pitit ou a dwe genyen twa (3) oswa kat (4) lane anvan 1ye septanm 2026, epi fanmi ou dwe genyen yon revni ki rive jiska 400% Nivo Povrete Federal la maksimòm. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kalifikasyon pou revni an, vizite bezosacademy.org/eligibility.

Ki pwosesis admisyon an?

Fanmi ki enterese yo ka aplike pou jiska twa lekòl matènèl Bezos Academy. Bezos Academy òganize yon lotri chak ane pou plas ki disponib yo. Fanmi yo ap resevwa notifikasyon apre lotri a epi yo gen senk jou pou aksepte òf la. Tout materyèl enskripsyon yo dwe soumèt anvan yon timoun ka ale nan Bezos Academy. Timoun ki gen aplikasyon yo soumèt apre dat lotri a ap swa resevwa yon plas oswa yo ap mete sou lis datant, selon disponiblite plas yo. Selon kote a, priyorite nan lotri a bay fanmi ki gen yon sibvansyon gadri ki apwouve.

Tanpri vizite bezosacademy.org/eligibility pou plis enfòmasyon.



Èske fanmi mwen ap peye frè pou timoun nan asiste?

Non. Bezos Academy finanse nèt, sa vle di lekòl matènèl la gratis pou fanmi ki kalifye yo. Chak Bezos Academy bay tou materyèl, founiti, ak repa pou elèv yo san okenn frè pou fanmi yo.

Kijan m kapab kontakte Bezos Academy pou lòt kesyon konsènan pwosesis aplikasyon an?

Tanpri vizite

<https://bezosacademy.org/eligibility-faq/> pou plis enfòmasyon sou kondisyon kalifikasyon yo epi pou wè kesyon yo poze souvan.



Aplike Kounye A!

Vizite apply.bazosacademy.org oswa klike sou kòd QR ki anba a.



Bezos Academy pa fè diskriminasyon ki fonde sou ras, koulè, orijin nasyonal, orijin etnik, sèks, relijyon, lafwa, orijin kiltirèl oubyen famiyal, kwayans, estrikti famiyal, idantite sèksyèl, oryantasyon seksyèl, andikap, lang, sitwayènte, estati imigrasyon, zansèt oswa nenpòt lòt karakteristik lwa federal, lwa nasyonal oswa lwa lokal pwoteje pou jere politik edikasyon li yo, règleman admisyon ak pwogram lekòl yo administre yo.

Pou tout deklarasyon USDA (U.S. Department of Agriculture, USDA) sou non-diskriminasyon pou pwogram manje federal yo, tanpri vizite www.bazosacademy.org/usda-non-discrimination-statement/